



ReadBoston Downloadable Handouts: Haitian Creole

POTE LEKTI NAN KAY LA

LI AK PITIT OU SOUVAN EPI FÈ L VINI YON AKTIVITE ENTERESAN.

Kite pitit ou chwazi istwa li vle tande yo. Itilize diferan vwa pou diferan karaktè pou fè istwa vin anime.

KOMINIKE AVÈK PITIT OU LÈ WAP LI.

Kite pitit ou kenbe liv la epi vire paj yo. Gade epi pale osijè foto yo. Poze kesyon sou istwa a, tankou "Kisa ou poanse ki pral rive apre?"

ANPIL TIMOUN RENMEN TANDE MENM ISTWA PLIZYÈ FWA.

Lè ou tande mnem istwa plizyè fwa toutan, timoun yo memorize mo yo nan istwa, elaji vokabilè yo epi konsolide konfyans yo.

REZÈVE TAN SPESYAL POU LI POU PITIT OU.

Ou dwe gen tandrès epi veyatif pandan lekti a. Pitit ou pral fè yon koneksyon ant liv yo ak moman spesyal avèk manm fanmi yo kap pran swen.

LI AK EKRI AVÈK PITIT OU NAN LANG OU PALE NAN KAY LA.

Fè pratik nan lang matènèl li pral ede l aprann li ak ekri Angle.

CHWAZI LIV KI SELEBRE KILTİ OU, ETNISITE AK ORIJIN.

Li yon laj varyete liv, ki gen ladan kont miltikiltirèl, byografi ak istwa reyèl.

MONTRE PITIT OU KE MO EDE NOU FÈ MOND NOU AN GEN SANS.

Ede pitit ou rekonèt pwòp non l, li siy yo awotwa, fè lis bagay yo pou nal achte ansanm epi swiv yon resèt ansanm pandan nap kwit manje pou ede l konekte mo yo avèk siyifikasyon yo.

FÈ VIZIT REGILYE NAN BIBLIYOTÈK LOKAL LA.

Montre pitit ou ki kote liv yo ye ak kijan pou l jwenn pwòp liv li yo.

METE LIV YO DISPONIB POU PITIT OU LI NENPÒT LÈ LI VLE.

Ekri non pitit ou andedan liv li yo epi ankouraje l pou l kòmanse bati pwòp bibliyotèk li.

LI ENPÒTAN POU PITIT OU OBSÈVE KE WAP LI AK EKRI TOU.

Gen anpil jounal, revyi oswa woman nan kay la ansanm avèk plim, kreyon, kreyon koulè ak papye pou yo ka itilize.